tártibi, olardıń balalar oy-pikirin óstiriwdegi roli máselelerin úyrenedi.

Q.Ayimbetov bolsa «oyın-zawıq qosıqları balalar oyını ekenligin, balalar jámaat bolıp oynaǵanında oyinlardıń ayırımları poetikalıq qosıqlar menen atqarıladı», dep» jazadı [2:23-24].

Balalar sóz oyın qosıqları yaki balalarǵa arnalǵán basqa shıǵarmalar oyınlar menen jaqın baylanısta boladı. Sebebi, balalar hár qıylı oyınlar oynaw menen birge, birinshiden, ózleriniń organizmin fizikalıq jaqtan shınıqtırsa, ekinshiden, olar usı oyınlarǵa qosıp, hár qıylı qosıqlar hám basqa ádebiy shıǵarmalar úlgisin atqarıp, oy-pikirin rawajlandıradı, basqasha qılıp aytqanda aytqanda, ruwxıy talabın qanaatlandıradı. Ádebiy dóretiwshilik penen oyınnıń únles bolıwı haqqında ádebiyat teorıyashılarınan qımbatlı pikirler bayan etilgen.

**Ádebiyatlar**


1. Мирзиёев Ш.М. Адабиёт ва санъат, маданиятни ривожлантириш – халқимиз маънавий оламини юксалтиришнинг мустаҳкам пойдеворидир. / «Халқ сўзи». – Тошкент: 2017. 4 август, 153 (6847).
2. Айымбетов Қ. Халық даналығы. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1988.
3. Дәўқараев Н. Шығармалары. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1997. – Т. II.
4. Allambergenov K., Qurbanbaev I., Kazaxbaev S. Qaraqalpaq balalar ádebiyatı tariyxı. (Oqıw qollanba). - Tashkent: «Tafakkur avlodi», 2020.
5. Курбанбаев И. Қарақалпақ балалар әдебияты.- Нөкис: «Билим», 1992.



**REZYUME.** Maqolada qoraqalpoq xalq og’zaki ijodiga, jumladan bolalar folkloriga mansub “So’z o’yin qo’shiqlari”ning mustaqil janr sifatida genezisi, janriy xususiyatlari, obrazlar sistemasi, linvopoetikasi kabi jihatlari takidlab o’tilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье освещаются генезис, жанровые особенности, образная система, а также лингвопоэтика «Игровых песен», принадлежащих каракалпакскому фольклору, в том числе детскому, как самостоятельному жанру.

**SUMMARY.** In the article, the genesis, genre features, system of images, linvopoetics of "Word game songs" belonging to Karakalpak folklore, including children's folklore, as an independent genre, are emphasized.


## ЕРЗИЙЎАР ДӘСТАНЫНДАҒЫ ОБРАЗЛАР


**А.У.Бекбергенова –** *магистрант*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** идея, фольклор, образ, характер, достон, сюжет.
**Ключевые слова:** идея, фольклор, образ, характер, эпос, сюжет.
**Keywords:** idea, folklore, image, character, epic, plot.


Басқа халықлар сыяқлы қарақалпақ фольклортаныўы илиминде де ҳәр бир жыраўдың атқарған дәстанларындағы образларға пикир билдириў ең баслы мәселелердиң бири болып табылады. Дәстанлардағы образлардың умытылмайтуғын типлик дәрежеге көтерилиўиндеги сүўретлеў қуралларының үлкен әҳмийетлилигине пикир билдирген илимпазлар В.М.Жирмунский., Ҳ.Т.Зарифов, [1] екинши дәрежели қаҳарманлар сыяқлы бас қаҳарманға жыраўдың улыўмаластырып минезлеме бериўдеги турақлы қәсийетлик белгилер ҳаққында М.Аўезов [2], қаҳарманлық дәстанлардағы атлардың образында белгили типлик бар екенин Қ.М.Жумалиев [3], Н.Каразин жазып алған «Ҳаял патшалығы ҳаққындағы ертек» ҳәм Н.А.Баскаков жазып алып бастырған ертеклердеги ҳаял-қызлардың ерлиги менен салыстырғанда қарақалпақ фольклорында батыр ҳаял-қызлардың образының жасалыўының анғурақым кең жобада иске асырылғанлығы проф. Қ.Мақсетов [4] тәрепинен, қарақалпақ халқының қаҳарманлық дәстанларындағы образлар туўралы И.Сағыйтовлар [5] ҳ.т.б көплеген илимпазлар өзлериниң илимий мийнетлеринде образлар ҳаққында ҳәр қыйлы мәселелерине тоқтап өтеди. Қарақалпақ халқының аўыз еки дөретиўшилигинде өзине тән өзгешеликке ийе, белгили халық жыраўы Қурбанбай Тәжибаевтын репертуарынан орын алған «Ерзийўар» дәстанының тийкарғы идеясы ўатанды сыртқы жаўлардан қорғаў болып табылады. Бул дәстандағы батырлық характериндеги қаҳарманлардың образлары келешек әўладларды ўатанды сүйиўде, өз халқын әдиўлеп абайлаўда үлкен әҳмийетке ийе. Жыраў атқарған бул дәстандағы бас қаҳарман образы Ерзийўар тийкарғы орынды тутады. Ерзийўар күшли әскербасы болыўы менен бирге, терең билимге, ақылға ийе даналық пенен елин қәстерлеп абайлап, қәдирлеп билетуғын ер жүрек батыр. Ол елинде болайын деп турған урысты болдырмаў ушын өзиниң ақылын иске қосыў нәтийжесинде халқының уллы мәртебесине бөлениўге миясар болады. Себеби, буннан неше әўел заманларда, ноғайдың азлық шағында, дин мусылман, дин Хорезм елинде Ақжүрим деген қаланы Ҳәсен деген хан басқарады. Бул ханның дәўиринде халық абат тоқ, парахат жасайды. Оның Ерзийўар, Ержанай деген мектеп жасындағы балалары бар еди. Күнлердиң күнинде усы парахат бахытлы елди алыўды нийет еткен қалмақтың патшасы Тахтаполат изинде ўәзири Абакан, ләшкерлери менен Ҳәсенханның елине атланады. Неше күн жол жүрип, жол жүрседе мол жүрип, Хорезмниң бир шетине шатырын қурып жақсылық пенен елин бизге берсин, болмаса урыс ашып бәрибир жеңип аламан деген усынысты Ҳәсен ханға Абакан ўәзири арқалы жеткереди, хан бул хабарды еситкенде бираз албырайды, сөйтип қасындағы ҳәмелдарларына, бийлерине не мәсләҳәт бересиз дегенде, ҳәммеси муңайысып, ҳеш нәрсе айталмағансоң, Сәрим исмли ўәзири ортаға шығып «Тахтаполаттың алдына бармайық, бәрибир бизлерди жеңеди, оннан да тынышлық пенен халықты рәсмий түрде қолына тапсырып берилейик»- дейди. Усы ўақытта оқыўдан киятырған Ерзийўар менен Ержанай исмли Ҳәсенханның балалары әкесиниң муңын көрип, Сәрим ўәзирдиң сөзлерин еситип, қатты арланады. Ерзийўар ақыл менен ис тутыўды мәсләҳәт берип елин душпан қолына тапсырыў ер азамат ушын өлим екенин нәзерде тутады, ҳәр ўақытта халықтың ғамын, халықтың мәпин өзиниң басының мәпинен жоқары тутқаны дәстандағы мына қатарларында тәсирли бериледи:

Жыйналысқан адамлар,
Арзымды есит ағалар,
Келген жаў менен урыспай,
Халықты берсек душпанға,
Болмайма бизге намыс ар?
Журтыңды алса залым хан,
Ели халқыңды шуўлатып,
Басыңа салар қайғы зар,
Елинди берсең еңиретип,
Болмаспа екен намыс ар?[6]

Буны еситкен халқы, ер жүрек, мийирман, нағыз азамат Ерзийўарға разы болады, ал әкеси Хәсенханның қуўаныштан жүзи жарық болады. Баласының усы сөзинен ол руўхый күш алып өзи де душпан менен гүресиўге бел байлайды. Ерзийўардың усы ўақыттағы ақыллылығы, мәртлиги, ар намыслылығы халықты ғайратландырады, сүйсиндиреди, өз елине деген барлық адамларда патриотизмди оятады. Халықтың Зийўарға деген сүйиспеншилиги төмендеги қосық қатарлардында айқын көзге тасланады:

Зийўардың мәртлик сөзлерин,
Халайық тыңлап турады,
Жүреклери шәўкилдеп,
Бәри ҳаллас урады,
Ер екенин Зийўардың,
Журт ийеси Ҳәсенхан,
Сол ўақытта биледи. [6]

Хәсен патша балаларының мәсләҳәты бойынша Тахтаполаттың қурып қойған шатырына барып саўаш алып барады. Сол саўашта Ҳәсенханның еки күшли батыры, Аққозы менен Сәриўанлы қаза табады, Тахтаполаттың ләшкерлери көп болып, Ҳәсенхан иләжы қурып пәске қайтып қашыўға мәжбүр болып киятырса еки жигитти көреди олар уллары Ерзийўар менен Ержанай еди.

Киятырып Ҳәсенхан,
Сыйынады аллаға,
Қамшы басып тулпарға,
Жақынлады қалаға,
Көзи түсти Ҳәсеннің,
Қарағай найза қолға алып,
Еки бети гүл гүл жанып,
Гөззалдайын доланып,
Тахтаполат елине
Киятырған жолланып,
Қайсар киби балаға, [6]

Усы қатарларда Ҳәсенханның еки баласының елин сыртқы жаўлардан қорғаў ушын, ар намыс ушын, гүрес алып барыў нийетинде киятырып әкесиниң муңын көрген баласы Ерзйўар өзиниң күши арқалы, ақылын иске қосыў нәтийжесинде душпаны Тахтаполатты жеңетуғыны төмендеги қатарларда жыраў тәрепинен шебер жырланады:

Сонда турып Зийўар мәрт,
Атасына сөйледи:
- Душпаннан қашып биз барда,
Жүрегиме салма дәрт,
Хорезмдей журтың бар,
Атажан неге қашасаң?
Бизлердей қайсар мәртиң бар,
Бос усласаң қамысты,
Атажан, қыяр қолыңды,
Жаўдан қашпақ намысты,
Жаўдың күшин көрейик,
Аттың жалын өрейик,
Душпанлардан қашқаннан,
Жаў қолында өлейик. [6]

Усы берилген қосық қатарларында Ерзийўардың ҳәм иниси Ержанайдың елин, халқын душпан қолынан қорғаў ушын қандай урыс, саўаш болсада таяр екенлиги, өзлериниң ақыл, күшине исениўи арқалы атаны кеўилин шад етип, басын тик турыўына мүмкиншилик берип, ата, халқы алдында перзентлик, азаматлық ўазыйпасын ағла дәрежеде атқарып турыўы күшли тәрбиялық әҳмийетке ийе екенлиги байқалады. Сондай-ақ, Ерзийўар батырдың және де елин душпаннан азат етип болғаннан кейин, кәлендер айтқан Айнажамал пери қызды излеп кетиўи, көп машақатлы ўақыяларға дус келиўине қарамастан, өз муҳаббатына садықлығы ер азамат екенин билдиреди, бундай ўақыялар басқа да қаҳарманлық дәстанлардың ең әҳмийетли мәселелериниң бири болып табылады. Батырдың және бир жақсы пазыйлетлериниң бири, Айнажамалға кеткен ўақытлары Тахтаполаттан кейинги «енди мен садық боламан, урыс ашпайман»,- деп Ҳәсен ханға ўәде берген қалмақтың ханы Абакан менен өз елиндеги Қыдыр молла Ержанайды да айнытып урыс ашқандағы Ерзийўардың ерлиги, ақыл менен еки елди бириктирип ис тутыўы, елдеги алаўызлық себеп қорланған әкеси Ҳәсенди қайтадан тахка отырғызып тоз тоз болған халқының алғысына миясар болыўдағы ҳәрекетлери оның жақсы, әдепли, руўҳый бай инсан болғанлығын билдиреди. Дәстандағы Ерзийўар елин, халқын, өз муҳаббатын қәстерлеп абайлаўда қаҳарманлыққа ийе, ең күшли, тәсирли тәрбиялық әҳмийети менен ең баҳалы образ болып есапланады.

Дәстандағы және бир батыр образы Ержанай болып ол Ерзийўардың иниси, Ҳәсенханның сақлап алған баласы. Олда саўашта елин қорғаўда Зийўарға бастан аяғына жәрдем берип үлкен қаҳарманлық алып барады. Саўашта қалмақ патшасы Ақтамақ себеп жарадар болады. Қалмақтың елин саўашта жеңгеннен кейин усы елдиң патшасы Тақтаполаттың қызы Ақтамаққа үйленип, Абакан хан болып, Ержанай ўәзир болып қалады. Бирақ, кейнинде, Ержанай Абакан, Қыдырлардың сөзине ерип оларға қосылып әкеси Ҳәсенханға топылыс жасайды. Сонда да, Ерзийўар оны кеширеди. Ержанайда өзиниң қәтесин түсинеди. Ерзийўар ерлик етип қалмақ елин өзиниң елине көширип әкелип еки елди бириктирип, Ержанайды тахқа отырғызады. Ержанайдың, батыр болғаны менен Ерзийўардай ақыллы, сабырлы, емес екени байқалады.

Қалмақтың ханы Тақтаполат – жаўыз, зулым мийримсиз етип бериледи. Ол расында да, ойсыз, адамларды жақсы көрмейтуғын, тек өзин ойлайтуғын, жақсылықты билмейтуғын, ашкөз, халкының муңын тыңламайтугын ақылсыз хан образы. Ол тыныш отырған бахытлы турмыс кеширип жасап атырған Хорезм ханлығын алыўға бел байлап, жазықсыз адамларды, кемпир ғаррыларды, не бир батырларды өлтирип қырғынға ушыратады. Жаўыз патша Тақтаполат образы былай сүўретленеди:

Тақтаполат, залым хан,
Тыныш жатқан ноғайға,
Ләшкер айдап, топ сүйреп,
Минип аттың белине,
Ләшкерини айдады,
Қызыл қыя шөлинде,
Сегбир етип нешше күн,
Барды ноғай елине,
Саўаш етип майданда,
Ат баўырынан ақты қан,
Баланы айырды анадан,
Ананы айырды баладан,
Барлық ноғай қырылды,
Тақтаполат патшаның,
Қылышының зарынан. [6]

Усы сыпатламада, Тақтаполаттың зулымлығы, оның ойсызлығы, ашкөзлиги жеркенишли келбети айқын нәзерде тутылады.

Сондай-ақ, қаҳарманлық дәстанларға тән дәстанда ҳаял-қызлардың образлары да көзге тасланады. Зәўрия Ерзийўардың ең жақын достысы болып есапланады. Ол бастағы ўақытта Ерзийўарды жақсы көрип қалады, дуўаханлық күшке ийе, ол батырды анасының дуўасынан азат етеди. Зәўрия Ерзийўарды түсинеди, оны жақсы көрседе, оған муҳабаты Айнажамалға ерисиўдеги машақатлы ислеринде үлкен қаҳарманлық, дослық пазыйлетлерин көрсетеди. Ол мийирман, ақыллы, илимли, жақсы дос образ сыпатында нәзерде тутылады. Айнажамал Ерзийўардың сүйген яры, перинің қызы. Ол мал дүньяға, патшалыққа кызықпайтуғын, шаңарақты биринши орынға қоятуғын, Ерзийўардың муҳабатын ҳүрметлейтугын нағыз ақыллы ҳаял. Себеби, ол өзиниң патшалық тахтын өзиниң ўәзири Самандунға тапсырып Ерзийўар менен кетиўди оған садық ҳаял болыўды мақул деп табады. Ол Хорезм елинде урыс болып атырғанын сезип, Ерзийўарға әкеси Ҳәсенди душпан қолынан қутқарыў ушын тез елине қайтыўды мәсләҳәт етеди, жаны ашыйды ҳәм бирге өзи де кетеди. Мине усы жерде Айнажамалдың ақыллы, жақсы, мийирман, өз муҳаббатына, турмысқа шыққан қәйин журтына садық екени өз өзинен белгили. Бул образлар бас қаҳарманлар, сондай-ақ, дәстанда азлы

кем қосық қатарлары менен саўаш майданындағы ўақыяларда еки елдиң батырлары Аққозы, Сәриўанлы, Ақжүнис, Белсары Ерзийўардың анасы Ақжулқын, қалмақ патшасының қызы Ақтамақ, ўәзири Абакан, бийи Арсары, мәстен кемпир образлары өзлериниң ҳәрекетлери менен көзге тасланады.

Жуўмақлап айтқанда, белгили Қарақалпақстан ҳәм Өзбекстан халық жыраўы Қ.Тәжибаев репертуарындағы «Ерзийўар» дәстаны өзиниң бай идея тематикасына ийе болып, жыраў тәрепинен шеберлик пенен атқарылғанлығы билинеди. Дәстанда халқы сүйген батыр Ерзийўар, опалы яры Айнажамал, садық достысы Зәўрия, елдиң әдил ханы Ҳәсен образлары, олардың ең жақсы адамгершилик сыпатлары сүўретленеди. Әсиресе, халық батыры Ерзийўардың ақыл менен ис тутыўдағы елине деген сүйиспеншилиги шын азаматлық ҳәрекетлери дәстанның халықшыллығы екенин уқтырыў менен бирге, келешек жас әўладларды өз ўатанына садық, мәрт болыўға шақырыўда күтә әҳмийетли болып есапланады.

**Әдебиятлар**

1. Жирмунский В.М., Зарифов Х.Т. Узбекский героический эпос. - М.: 1947, -С. 304.
2. Ауезов М. Киргизская народная героическая поэма «Манас». -М.: 1961, -С. 64.
3. Жумалиев Қ.Ж. Қазақ эпосы мен әдебиет тарийхының мәселелери. –Алматы: 1958, 66-б.
4. Мақсетов Қ. Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикасы. –Ташкент: 1965, 162-б.
5. Сағитов И.Т. Қарақалпақ халқының қаҳарманлық эпосы. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1986, 319-б.
6. «Қарақалпақ фольклоры. –Нөкис: «Илим», 2011, 100 томлық, 27-том, 13-б.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада Қурбанбай жиров репертуаридаги «Эрзийуар» достонининг образлар тизими ҳақида сўз бўлади. Достондаги образларни чуқур тадқиқ қилиб ўрганишда ҳар бир жиров вариантларидан олинган мисоллар аҳамиятли эканлиги назарда тутилади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье речь идёт о системе образов в эпосе «Ерзийуар» в репертуаре Курбанбая жырау. Детальное изучение образов эпоса выявило тот факт что, примеры собраны из разных вариантов жировов сделали работу довольно значимой.

**SUMMARY.** The article deals with the system of images in the epic "Erziyuar" in the repertoire of Kurbanbai zhyrau. Detailed investigation elicit a fact that the obtained examples from vary jirau variants made the work much more significant.

**УДК.82-1/-9(575.172)**

## И.ЮСУПОВ ЛИРИКАСЫНДА МУЗЫКАҒА БАЙЛАНЫСЛЫ СИМВОЛЛАР

**Г.П.Даниярова** – *докторант*
*Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлими*
*Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты*

**Таянч сўзлар:** мусиқа, лира, муза, Орфей, миф, символ.
**Ключевые слова**: музыка, лира, муза, Орфей, миф, символ.
**Key words:** music, lira, muse, Orpheus, myth, symbol.

Музыка инсанның туўылыўынан баслап, пүткил өмири даўамында жолдасы болатуғынлығын көпшилик алымлар ескертеди.

Музыка ҳаққында дәслепки көзқарасларға нәзер аўдаратуғын болсақ, инсанлар, дин ийелери музыканы Қудай менен сөйлесиў тили деп есаплаған. Сонлықтан да дәслепки музыка ҳаққындағы мағлыўматлар тиккелей дин ийелери менен байланыслы. Себеби ширкеўлерде сыйыныў мересимлеринде музыкадан пайдаланған. Демек, музыка ески дәўирлерден бери инсанның руўхый дүньясы менен тығыз байланыслы ҳалда хызмет атқарып келген. Себеби, инсан сөз бенен жеткере алмаған сезим ҳәм эмоцияларын музыка жәрдеминде жүзеге шығарған. Бул қубылыс, әлбетте, нәзик кеўил ийелери шайыр ҳәм жазыўшылырдың да илҳәм дереги десек қәтелеспеймиз.

Белгили рус шайыры В.Шилин «Қосық тилин безеўдиң усыллары ҳаққында айтқанымызда, ең итибарлысы: қосық прозаның бир түри сыпатында емес, бәлким, ритмикалық тәртипли тил сыпатында туўылған. Яқ! қосық прозадан алдын, қосық сыпатында, яный сөз ҳәм музыка-даўысларының бир пүтинге бирлесиўи сыпатында түўылан» [3] - деген пикир билдиреди.

Себеби, биз жоқарыда келтирип өткен мағлыўматлар ҳәм пикирлер, қарақалпақ халқының көркем әдебияты, мәденияты, тарийхына да байланыслы. Биз жасап турған жер де өзиниң көп әсирлик мәдений тарийхына ийе. Мине, усындай мәдений жетискенликлер, халқымыздың руўхый байлықлары, дәстүрлери сәўлеленген миллий поэзия бул әлбетте И.Юсупов дөретиўшилигинен орын алған. Мәселен, шайырдың «Тоқайға», «Зульфияға» қосықларында греклердиң ең әййемги, мифологиялық саз әсбабы Лира ҳаққындағы қатарларды ушыратамыз.

…Және де қүдиретли лираңа болып ҳәўес,

Шертсем деп, тырмасып атқан виршеплет ҳәм аз емес [6:88] – демек, лира бул қатарларда саз әсбабы емес, ал, шайырдың дөретиўшилиги мәнисинде түсиниледи.

Лира бул греклердиң мифологиялық саз әсбабы болып, ол поэтикалық дөретиўшиликтиң символы есапланады. Әлбетте, бул термин дәслебинде тарлы саз әсбап сыпатында белгили болып, кейин ала көркем әдебиятта образлы сөз сыпатында қолланылған. Себеби, әййемги греклер лира саз әсбабы арқалы лирикалық ҳәм эпикалық поэзияны атқарып атырған ўақытта шерткен. Бул поэтикалық дөретиўшиликти «лира» сөзине мәңгиликке байланыслы еткен. Арадан бир қанша дәўирлер өтип, «лира» тек ғана музыка әсбабы емес, ал, поэзия, дөретиўшилик, илҳәм символы сыпатында қолланыла баслаған. Лира ҳәм лирика сөзлери үнлес ҳәм бир этимологиялық түбирге ийе сөзлер есапланады. Ўақытлар өтиўи менен «лира шертиў» деген сөз дизбеги аўыспалы мәниге ийе бола баслады, яғный, қосық дөретиў, қосық жазыў [9] .

Лира сөзиниң символикалық мәнисин айтып өтетуғын болсақ: лира санлардың гармониясын аңлатады. Бул санлар аспан пәлекти аңлатқан. Жети тарлы лира бул – жети планетаны аңлатқан. Яғный, ҳәр бир тары бир планетаны билдирген. Және де төрт тарлы лира бул – төрт түрли барлықты билдиреди. Мысалы, XIX әсир қарақалпақ әдебиятының классик шайыры Бердақ:

Төрт нәрсе дүнья төркини,
Әўел Ҳақ, инсан бил буны,
Бул дүньяның жоқдур мини,

«Бахыт бол!» – деп излер едим [1.] – деп келтиргениндей, суў, от, ҳаўа, жер деп белгиленген.

Әййемги грек мифологиясында лираның жаратылыўын Гермес деп аталған қудай аты менен байланыстырады. Сонлықтан да, антик поэзияда лира арқалы айтатуғын қосықларды лирикалық поэзия деп атаған.

Улыўмаластырып айтатуғын болсақ, лира сөзи лирика терминине өмир берди. Инсанның ең нәзик сезимлерин, эмоциялары, терең инсаныйлық кеширмелерди өзинде жәмлейтуғын шығармаларды айтсақ болады.